

# Pare jan **Kwa-Wouj** mande a

## Prevansyon kont dife ak Lis kontwòl sekirite

Fason ki pi efikas pou pwoteje tèt ou ak kay ou kont dife se pou idantifye e wete risk pou dife a pran. Swasant-senk pousan nan desè ki rive nan kay pase nan kay kote pa gen alarm dife. Lè yon dife pran andedan yon kay, alarm deteksyon lafimen ak yon plan evakyasyon pandan dife moun te pratike regilyèman gen dwa sove lavi anpil moun.

- Si gen yon dife ki pran lakay ou, **SÒTI, RETE DEYÒ e RELE** pou yo vin ede w.
- Enstale alarm kont lafimen sou chak etaj lakay ou, andedan chanm yo ak deyò zòn kotemoun dòmi. Teste yo chak mwa e ranplase pil yo omwen yon fwa pa ane.
- Pale avèk yon moun ki abite avèk ou osijè plan evakyasyon pou dife e pratike plan an de (2) fwa pa ane.

### Anpeche dife pran nan kay



#### Aksyon ou kapab pran koulye a

- Kenbe atik ki kapab pran dife omwen a yon distans twa (3) pye nempòt ki bagay kikapab vin cho, tankou chofaj pyès la.
- Pa janm fimen nan kabann ou.
- Pale avèk timoun regilyèman konsènan danje ki gen nan dife, alimèt ak briki e kenbe yo lwen timoun yo.
- Etenn chofaj pòtab la lè w ap kite pyès la oswa lè w pral dòmi.

#### Kwit manje san danje

- Rete nan kwizin la lè w ap fri, lè w ap griye oswa lè w ap bouyi manje. Si w kite kwizin la menmsi se pou yon ti tan, etenn fou a.
- Rete lakay ou lè w ap chofe, kwit, griye oswa bouyi manje. Kontwòle li regilyèman e sèvi ak yon kwonòmèt pou fè w sonje gen manje k ap kwit.
- Kenbe tout bagay ki kapab pran dife—tankou manch kaswòl, sèvyèt, plastik ak rad—lwen fou a.
- Kenbe bèt yo lwen sifas kote w ap kwit manje ak plak fou a pou anpeche yo ranvèse bagay sou plak cho a.

#### Atansyon: Monoksid kabòn kapab tye moun

- Enstale alarm pou detekte monoksid kabòn nan anplasman santral sou chak etaj lakay ou e deyò zòn kotemoun dòmi.
- Si sirèn alarm pou deteksyon monoksid kabòn la kòmanse sonnen, deplase w touswit sòti deyò kay la nan koteki gen lè frè oswa akote yon fenèt ki louvri oswa yon pòt.
- Pa janm sèvi ak yon jeneratris, yon gril, yon fou pou kanping oswa lòt aparèy ki brile gazolin, pwopan, gaz natirèl oswa chabon andedan yon kay, yon garaj, yon kav, yon espas ant mi fondasyon yo oswa nan kèlkeswa andwa a ki pasyèlman fèmen.

### Pratike mezi sekirite kont dife lakay ou



#### Alarm deteksyon lafimen

- Enstale alarm kont lafimen sou chak etaj lakay ou, andedan chanm yo ak andeyò zòn kote moun dòmi.
- Aprann timoun rekonèt son alarm deteksyon lafimen yo e esplike yo kisa yo dwe fè si gen youn ki sonnen.
- Yon fwa pa mwa tcheke si chak alarm ki andedan kay la ap mache kòrèkteman; pou sa, ou dwe peze bouton pou teste li.
- Ranplase pil ki nan alarm pou detekte lafimen omwen yon fwa pa ane. Enstale touswit yon nouvo pil si yon alarm ap fè yon ti bri toupiti, pou avèti pil la fèb.
- Alarm pou detekte lafimen ta dwe ranplase chak 10 ane. Pa janm dezaktive alarmdeteksyon lafimen oswa alarm pou detekte monoksid kabòn yo.
- Alarm pou detekte monoksid kabòn yo pa kapab sèvi kòm ranplasan pou alarm deteksyon lafimen yo. Aprann ki diferans ki genyen pami sonri alarm deteksyon dife ak alarm deteksyon monoksid kabòn.

#### Planifikasyon pou evakyasyon poutèt dife

- Asire w tout moun ki abite avèk ou konnen de (2) fason pou sòti nan chak pyès ki andedan lakay ou.
- Asire w tout moun konnen ki kote yo ta dwe kontre deyò sizoka ta gen yon dife nan kay la.
- Pratike evakyasyon lakay ou omwen de (2) fwa pa ane e nan moman diferan pandan lajounen. Pratike yon egzèsis kote w leve akòz alarm deteksyon lafimen an ap sonnen, ranpe atè a e kontre andeyò kay la. Asire w tout moun konnen kijan pou yo rele 9-1-1.
- Aprann tout moun ki abite avèk ou kijan pou **KANPE, TONBE e WOULE** kò yo atè si rad yo pran dife.

### Sizoka gen yon dife ki pran ...



#### Aplike plan evakyasyon ou !

- Sonje pou **SÒTI DEYÒ, RETE DEYÒ e RELE 9-1-1** oswa nimewo telefòn pou ijans pou zòn ou.
- Si gen pòt fèmen oswa pwaye ki cho, pran dezyèm wout pou w sòti a. Pa janm louvri pòt ki cho lè ou manyen yo.
  - Ranpe atè anba lafimen a.
  - Ale nan kote ou sipoze kontre ak lòt moun yo e apre sa rele moun pou mande asistans.
  - Si gen lafimen, chalè oswa flannm dife k ap bloke wout ou vle pran pou sòti, rete nan pyès la e fèmen pòt yo. Plase yon sèvyèt mouye anba pòt la e rele depatman dife a oswa 9-1-1. Ouvri yon fenèt e ajite yon twal ki gen koulè viv oswa yon flach pou fè moun siy ou bezwen lèd.

#### Fè atansyon avèk ekstenktè yo

- Sèvi ak yon ekstenktè dife ki pòta SÈLMAN si ou te pran yon fòmasyon nan men depatman ponpye e nan kondisyon ki annapre yo :
  - Dife a limite nan yon ti zòn ki fèmen, e li p ap pwopaje lòt kote.
  - Pyès la pa ranpli ak lafimen.
  - Tout gen tan kite bilding la.
  - Yo deja rele depatman ponpye a.
- Pa bliye mo **PASS** lè w ap sèvi ak yon ekstenktè dife.
  - Pran pin la e kenbe ekstenktè a yon fason pou bèk la pwente devan ou.
  - Avanse ekstenktè a an direksyon atè a. Pwente ekstenktè a nan baz dife a.
  - Sere manèt la dousman e san rete.
  - Sekwe bèk la depi yon bò rive nan lòt bò a.

### Kite fanmi w konnen ou pa an danje

Si yon dife oswa yon dezaz rive bò lakay ou, enskri w nan sit Wèb Kwa-Wouj Ameriken ki rele An sekirite e anfòm ki disponib gras a [RedCross.org/SafeandWell](http://RedCross.org/SafeandWell) pou kite fanmi w ak zanmi w konnen kijan ou ye. Si w pa gen aksè nan Entènèt, rele **1-866-GET-INFO** pou kapab enskri w oumenm asanm ak fanmi w.